



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN SELEBRAYON SANTENÈ PON BEAR MOUNTAIN LAN

*Pon sispansyon anblematik nan Hudson Valley a pral selebre 100 ane an 2024*

*Kapsil tanporèl la ki te dedye pou selebre konstriksyon ki kòmanse an 1923*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman selebrasyon ozalantou santanè Pon Bear Mountain lan an 2024. Ant kounye a ak otòn 2024, gen plizyè evènman ak inisyativ k ap fèt pou selebre youn nan estrikti ki pi rekonèt nan Hudson Valley, ki gen ladan yon sit entènèt santanè, yon fim dokimantè ak yon konferans entènasyonal sou enjenyeri pon. Plizyè lidè ak manm kominotè te rejwenn Otorite Pon Eta New York la (New York State Bridge Authority) nan pon an jodi a pou fè anons la. Patisipan yo te dedye tou yon kapsil tanporèl pou make 100 ane depi konstriksyon pon an te kòmanse.

"New York gen yon istwa long nan kreye enfrastrikti klas mondyal ki te transfòme eta nou an -- yon eritaj k ap kontinye jiska jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan nou kòmanse komemore santanè Pon Bear Mountain lan, mwen espere rezidan yo ak vizitè yo kontinye apresye enpòtans enstalasyon Hudson Valley yo renmen anpil la."

**Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare,** "Pon Bear Mountain la te kanpe pandan anpil jenerasyon, li bay yon pòtay nan kèk nan pi bon rekreyasyon an deyò nan Nòdès la epi sèvi kòm yon wout enpòtan pou moun nan lokalite a ak pou touris yo tou. Pandan n ap fete santanè li a, ann sonje Nouyòkè parèy nou yo - pase, prezan, ak fiti-ki reve gwo, ki bati kominote nou yo, ki fè sa ki enposib, epi ki fè kote sa a diy de tinon li ki se "The Empire State."

Pon Bear Mountain la te inogire nan dat 26 novanm 1924. Se te yon revolisyon enjenyeri revolisyonè pou epòk li a, li te premye pon pou veyikil nan Hudson River nan sid Albany ak premye pon sispansyon ki gen yon platfòm an beton. Pou yon peryòd tou kout, li te pote tit "pon ki gen travès santral ki pi long ki sispanndi nan mond lan." Anpil moun konsidere inovasyon yo ak Pon Bear Mountain yo ki te ankouraje yon ogmantasyon nan konstriksyon pon nan Eta New York ak nan tout peyi a nan ane ki vin apre yo.

Okòmansman, se yon antrepriz prive ki te konstwi pon an, Bear Mountain Hudson River Bridge Company (Konpayi Pon Bear Mountain Hudson River), ki te gen koneksyon ak fanmi Harriman ki enpòtan ki te ede prezève Pak Eta Bear Mountain lan ak lòt tèren piblik ki tou pre yo. Konstriksyon te kòmanse nan sezon prentan 1923 epi li te dire 20 mwa, san yo pa te pèdi lavi yon sèl moun. Yon fwa li teouvri, pon an ofri itilizatè otomobil yo ki te deplizanpli popilè yon koneksyon pi dirèk ak pak eta ki tou pre a.

Nan epòk pon an te ouvri an 1924, dwa peyaj ale retou pou yon machin pasaje se te 1.60 dola, ak sipleman pou pasaje yo. Apati 1e me 2023, dwa peyaj ale retou pral 1.65 dola pou chofè E-ZPass yo ak 2.15 dola pou kliyan Toll by Mail yo, kèlkeswa kantite pasaje yo.

An septanm 1940, Otorite Pon Eta New York la (NYSBA) te achte pon an, ki kounye a se pon ki pi nan sid NYSBA. An 2018, pon an te resevwa deziyasyon seremonyèl Pon Bear Mountain "Memoryal Veteran Purple Heart", nan onè benefisyè Purple Heart yo ak an rekonesans ak istwa militè rich zòn nan.

Pon an sitiye nan jonksyon kat konte yo: Orange ak Rockland sou bò lwès rivyè a ak Westchester ak Putnam sou bò lès la. Anplis sèvis plis pase 7 milyon machin chak ane, pon an tou se pwen travès Hudson River pou ake nan Santye Appalachian lan, ki se yon wout randone nasyonal ki travèse plis pase 3,218 km ant Maine ak Georgia.

**Direktè Egzekitif Otorite Pon Eta New York la, Doktè Mino Alcantara, te deklare,** "Yon syèk apre li te premye konstwi, Pon Bear Mountain lan ki kontinye kanpe ak fyète sou Hudson River gras ak pwogram antretyen prevantif Otorite Pon an. Finalman, santènè sa a se yon selebrasyon gason ak fanm k ap travay di yo ki bati, kenbe, ak pwoteje pon sa a pou l kapab antre nan yon nouvo syèk sèvis nan Hudson Valley."

**Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare,** "Nou menm nan State Parks felisite Otorite Pon an paske nou ede moun yo chak jou konekte ak fanmi yo, zanmi yo ak kòlèg yo. Nou konte sou travay yo, nou sezi devan enjenyeri yo epi nou rekonesan pou nou enkli pandan kapsil tanporèl sa a nan Bear Mountain konekte nou ak pwochen 100 ane yo."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare,** "Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la kontan anpil pou l rejwenn Otorite Pon an pou lanse selebrasyon Santènè Pon Bear Mountain la. Kontribisyon OGS nan kapsil tanporèl la gen ladann yon jounal ak yon moso grè ki konekte ak eskilti k ap vini an ki pral fè istwa a Resanblans Jij Ruth Bader Ginsburg nan Kapitòl Eta New York la. Atik sa yo onore estati New York kòm bèso mouvman dwa fanm yo epi yo rann omaj devan wòl esansyèl ajans ak otorite Eta yo antanke jeran moniman istorik Eta nou yo."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Pon Bear Mountain lan se te yon mèvèy enjenyeri lè li te premye konstwi, epi lefèt ke n ap selebre santènè li a se yon temwayaj sou sa ki ka akonpli ak enfrastrikti

dirab ak rezistan. Pon istorik sa a vin tounen yon pati ki pa ka efase nan peyizaj Hudson Valley a epi lè nou onore reyalizasyon sa a ki dire yon syèk ak yon kapsil tanporèl, n ap poze yon fondasyon solid pou pwochen 100 ane inovasyon enjenyeri a."

**Prezidan Konsèy Komisè Otorite Pon Eta New York la, Joan McDonald te deklare,** "Depi lè Otorite Pon an te pran posesyon pon an nan ane 1940, Konsèy Komisè NYSBA t ap travay pou asire Pon Bear Mountain lan rete yon travès rivyè ki an sekirite, fyab, ak abòdab pou rezidan yo ak vizitè Hudson Valley yo. Pandan n ap dedye kapsil tanporèl sa a, nou re-angaje tèt nou nan misyon sa a pou asire vwayajè yo dei kounye a rive nan 100 ane k ap vini yo ka kontinye fè eksperyans travès yo renmen anpil la ak bèl rejyon yo rele lakay yo a."

**Manm Kongrè Michael Lawler te deklare,** "Pandan n ap selebre Anivèsè Santènè Pon Bear Mountain lan, nou rekonèt gwo siyifikasyon moniman istirik sa a genyen pou Lower Hudson Valley a. Se te yon lyen enpòtan ant konte Orange, Rockland, Westchester, ak Putnam, k ap konekte kominote yo ak ankouraje kwasans ekonomik nan Hudson Valley pou yon syèk. Pon Bear Mountain la te vrèman reziste eprèl tan an epi nou pa ka tann anpil ane sèvis li ankò nan rejyon nou an."

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Yon kapsil tanporèl se kominikasyon dirèk nou pou jenerasyon k ap vini yo, ki transmèt yo reyalizasyon, espwa ak rèv nou yo, ansanm ak yon apèsi sou pwòp epòk nou an. Mwen onore paske yo te envite mwen pou m enkli nan kapsil tanporèl sa a kèk nan efò enpòtan Sena Eta a yo, ki fèt pou ede Nouyòkè demen yo."

**Senatè Eta Robert G. Rolison, te deklare,** "Pon Bear Mountain lan ap deplase moun ak machandiz pandan prèske yon syèk. Travès istorik sa a sèvi elektè nou yo pandan l ap bay yon panorama etonan sou Hudson Highlands ak nan vwazinaj li yo. "Mwen rekonesan anvè gason ak fanm ki kenbe travès ki pi nan sid NYSBA sa a an sekirite epi ki mentni li, yo ofri yon lyen enpòtan ak kat konte nan rejyon Hudson Valley nou an."

**Madanm asanble Dana Levenberg te deklare,** "Mwen kontan pou m kapab selebre 100èm anivèsè Pon Bear Mountain lan ak kontribisyon kapsil tanporèl ki espesyal sa a. Predesèsè mwen an, Manm Asanble Sandy Galef, te patwone lwa ki te deziyen pon sa a Pon Bear Mountain "Memoryal Veteran Purple Heart", ki rekonèt enpòtans Veteran Purple Heart yo ak pon an li menm nan rejyon sa a. Avèk finansman ak swen apwopriye, mwen espere pon sa a rete an fonksyon pandan plizyè ane k ap vini yo."

**Egzekitif Konte Putnam lan, Kevin Byrne, te deklare,** "Pon Bear Mountain lan konsèvse yon plas espesyal nan kè m. Mwen kwè ke li se kay pi bèl panorama nan tout Hudson Valley a epi tou li se kote mwen te pwopoze madanm mwen. Li se vrèman yon moniman istirik ki merite selebrasyon epi mwen konnen rezidan Konte Putnam yo sèvi ak pon an regilyèman apresye majeste li ofri a."

**Egzekitif Konte Rockland a, Ed Day te deklare,** "Mwen kontan pou mwen isit la jodi a pou dedikasyon kapsil tanporèl la pandan n ap prepare pou selebre 100èm anivèsè

konstriksyon Pon Bear Mountain lan ki konekte rejyon Hudson Valley a. Dènye nimewo Gid Vwayaj Konte Rockland lan pral enkli nan kapsil la, epi li pral enteresan pou wè ki jan zòn nou an ap evolye nan yon lòt 100 ane apre kounye a. Nan non tout rezidan Rocklander yo, Konte Rockland fyè dèske li fè pati moman istorik espesyal sa a."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,** "Pandan n ap lanse selebrasyon yo pou santènè Pon Bear Mountain lan, nou onore enjenyeri ak travay di ki te antre nan konstrksyon estrikti anblematik sa a. Pon an te konekte Konte Westchester ak lòt kominote yo epi li te ankouraje komès pou anpil jenerasyon. Li te sèvi kòm yon senbòl rezistans ak kwasans pandan yon syèk. Ann gade pou pi devan ak menm detèminasyon ak inovasyon ki te bati pon mayifik sa a."

**Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare,** "Kapsil tanporèl sa a se yon fason apwopriye pou rekonèt 100èm anivèsè Pon Bear Mountain lan. Pon an se yon resous enkwayab pou Hudson Valley epi li montre bèl peyizaj li yo. Konte Orange la pou sipòte Otorite Pon Eta New York la pou asire ke yo sonje Pon Bear Mountain lan lè kapsil tanporèl sa a ap ouvri."

**Direktris Egzekitif Pont Istorik yo nan Hudson Valley, Kathryn Burke, te deklare,** "Si etidye istwa estrikti anblematik Pon Bear Mountain lan te aprann nou yon bagay, li te anseye nou ke antretyen ekselan, ke Otorite Pon an te founi depi li te kòmanse opere ak antreteni bèl pon sa a an 1940, te pèmèt Pon Bear Mountain lan pare pou l antre nan pwochèn syèk li an gran fòm! Bati yon pon enkwayab se jis kòmansman an; kenbe l enkwayab se sekrè pou gen gwo enfrastrikti."

**Sipèentandan Distri Peekskill City School la, Doktè David Mauricio, te deklare,** "Nan non Konsèy Edikasyon Peekskill la ak ekip mwen an, mwen ta renmen remèsye Otorite Pon NYS la paske li enkli elèv nou yo nan pwojè sa a. Se vrèman yon onè pou elèv Hillcrest nou yo fè pati selebrasyon Santènè Pon Bear Mountain lan, espesyalman kòm nou menm kòm yon distri lekòl ap selebre pwòp anivèsè 100 ane pa nou an. Lefèt ke lèt timoun nou yo pral ouvri nan yon syèk apati kounye a sa kontinye relasyon istorik ant Pon Bear Mountain lan ak gwo distri lekòl nou an. Pa gen anpil moun ki konnen ke menm achitèk ki te bati kay peyaj pon an, Antonio Renza, te bati bilding administrasyon nou an kounye a tou, ansanm ak Drum Hill, ki yon fwa te Peekskill High School. Sa a te yon bèl opòtinite pou elèv nou yo non sèlman aprann sou istwa lokal yo, men tou pou vin fè pati li."

**Mann Konsèy Pont Istorik yo nan Hudson Valley, Tara Sullivan, te deklare,** Men senbòl anblematik slogan Otorite Pon Eta New York la ke yo te pratike depi lontan: 'antretyen retade se antretyen refize.' Pon Bear Mountain lan nan pi bon kondisyon posib gras ak pratik antretyen kontinyèl devwe pa anplwaye sipèlatif ki gen eksperyans otorite rejyonal endepandan sa a. Annavan pou 100 ane k ap vini yo ak bravo pou NYSBA paske yo komemore eksplwa istorik sa a ak yon kapsil tanporèl!"

**Dedikas Kapsil Tanporèl la**

Jodi a nan pon an, lidèchip NYSBA te mete ansanm ak lòt ajans eta a, ofisyèl eli, ak manm kominote a pou dedye yon kapsil tanporèl nan onè 100 ane depi konstriksyon pon an te kòmanse. Yon kantite atik te kontribye nan kapsil la, tankou lèt Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Delgado, objè ki gen rapò ak fanmi Harriman, souvni ekri sou pon an, ak divès souvni ki soti nan Otorite Pon an ak rejyon Hudson Valley lan. Genyen tou lèt pou lavni ke elèv ki nan klas 4èm ane nan Hillcrest Elementary School nan Peekskill te ekri.

Kapsil tanporèl lan te sele pa anplwaye NYSBA ki te sèvi pi lontan an, ki se John Brooks. Yon rezidan nan Konte Ulster, Mesye Brooks te premye travay kòm yon pèseptè peyaj na Pon Mid-Hudson lan kòmanse an Septanm 1966. Depi li te pran retrèt nan sèvis aplanan an 1997, Mesye Brooks te rete kòm yon anplwaye a tan pasyèl nan katye jeneral NYSBA nan Highland, NY, li dedye plis pase 56 ane sèvis bay Otorite a.

Kapsil tanporèl la pral monte nan ankway lwès pon an epi yo pral re-ouvri li 100 ane apati kounye a nan mwa avril 2123. Espas la sitiye nan sousòl bilding istorik administrasyon pon an epi li se kay Mize Pon Bear Mountain Richy Vacek (Richy Vacek Bear Mountain Bridge Museum). Espas la, ke yo te nome nan memwa yon kontremèt pon ki retirete, se kay yon ti mize ak yon zòn salklas ki ouvri pou lekòl ak lòt gwoup sou randevou.

## **Yo te Lanse Nouvo Sitwèb Santenè a**

Otorite Pon an te lanse yon nouvo sit entènèt ki dedye a 100èm anivèsè pon an: [www.bmb100.com](http://www.bmb100.com). Vizitè yo ka jwenn enfòmasyon sou evènman ki gen rapò ak santènè, pataje memwa, epi gade materyèl achiv yo. Sitou, sekans fim konstriksyon pon an ke yo te pran an oktòb 1924 ap prezante sou sitwèb la, gras ak efò prezèvasyon Koleksyon Rechèch Moving Image nan University of South Carolina.

Yo pral afiche plis detay sou evènman ki gen rapò ak santènè a sou sitwèb la jan yo vin disponib.

## **Fim Dokimantè a an Devlopman**

Yon fim dokimantè, ki ta dwe dire apeprè inèdtan, an devlopman tou. Pwojè fim nan se yon efò kolaborasyon ant Otorite Pon an, Historic Bridges (Pont Istorik) ki se yon òganizasyon san bi likratif nan Hudson Valley ak videyograf lokal Scott Snell nan SDS Imagery.

## **Konferans Entènasyonal sou Enjenyeri k ap vini nan Hudson Valley**

Yo te chwazi Hudson Valley kòm lye konferans 2024 la pou Asosyasyon Operatè Pon Entènasyonal ki Sipòte pa Kab (International Cable Supported Bridge Operators Association, ICSBOA). 12èm edisyon konferans lan pral fèt soti 6-10 oktòb 2024, nan Akademi Militè Etazini (United States Military Academy) an nan West Point. Li espere

rasanble enjenyè ak operatè pon atravè mond lan epi li pral montre Pon Bear Mountain lan pandan ane santènè li a.

ICSBOA konsantre sou ede manm li yo kenbe ak mentni enfrastrikti pon ki sipòte pa kab lè yo pataje konesans ak ekspètiz yo nan operasyon yo ak antretyen prevantif. Pon ki sipòte pa kab yo enkli pon sispansyon tankou Pon Bear Mountain ak Pon Mid-Hudson NYSBA. Fowòm prensipal pou echanj meyè pratik yo se atravè Konferans Operatè Pon Entènasyonal ki Sipòte pa Kab (International Cable Supported Bridge Operators Conference, ICSBOC), ki fèt chak de a twa ane nan yon lokal atravè mond lan. ICSBOC ki pi resan an te fèt nan mwa novanm 2022 nan Kobe, Japon.

Konferans lan gen yon siyifikasyon patikilye pou NYSBA ak Hudson Valley. Pandan ke ICSBOA te etabli fòmèlman kòm yon òganizasyon an 2013, rasanbleman li yo te remonte an 1991, lè NYSBA te rasanble plis pase 100 enjenyè ak pwopriyetè pon nan Poughkeepsie, NY pou diskite sou fason pou yo ranfòse kab sispansyon yo sou Pon Mid-Hudson lan ak lòt pon ki sipòte pa kab yo. Yon dezyèm konferans te fèt an 2000 ki te santre ozalantou Pon Bear Mountain lan, ki te swiv konferans ki vin apre yo te fèt nan lokal wotatif atravè mond lan chak de oswa twa zan.

### **Konsènan Otorite Pon Eta New York la**

Otorite Pon Eta New York la opere Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff ak Rip Van Winkle Bridges Li posede epi kenbe estrikti pon pou pyeton Walkway Over Hudson lan tou. Otorite a pa resevwa okenn finansman fonksyonman atravè dola taks eta oswa federal, epi prèske tout revni li yo vini nan peyaj la. Yo re-vesti peyaj yo an retou nan amelyorasyon kapital sou travès Otorite a, pou asire pati enfrastrikti enpòtan sa yo ka kontinye sèvi Hudson Valley pandan plizyè deseni k ap vini yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)